www.nohchalla.com

# Сан хьомениг

**Хьо езаш, хьайга дийцарна,**
**Бехк х1унда буьллу ахь суна?**
**Сан хьомениг, юй те хьо безам бовзаза,**
**Я цуьна къахьо 1овшаза?**

**Б1аьстенан хьаннаш сенъелча,**
**Заза доккхуш бошмаш тоелча.**
**Гирий хьуна, шен дашо з1аьнарш яржийна,** } **2р**
**Малх хьаьжна дуьне къагийча?**

**Олхазарш декаш хьаннашкахь,**
**Шовданаш уьдуш аьрснашкахь.**
**Гирий хьуна, зезагаш техкаш бацалахь,**
**Маршалла хоьттуш цу малхе?**

**И дерриг 1алам доккхадеш,**
**Цу малхе хьоьжуш декъалдеш.**
**Сан хьомениг, хьо гуччахь, хьоьца ца хилча,** } **2р**
**Хетало дуьне кхоьлина!**

**Хьо суна генахь хиларах,**
**Наггахь-бе вовши ца гарах.**
**Сан хьомениг, ас мел йе ойла хьоьца ю,**
**Сан дагчохь даима хьо цхьаъ ю.**

**Б1аьргаша даима хьо лоьху,**
**Кийрарчу даго хьо йоьху.**
**Сан хьомениг, йог1ур ю але дош лохьа.** }

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)

# И дош лой, соьга йолахьа. 3р



Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)